

# Sote sou Fèy Lotis



Jwè 1-2

Laj 3+


5-10 min

## OBJEKTIF



Woule youn oswa plizyè zo epi sote pyès jwèt ou jiska nan fen tablo a.

## MATERYÈL

Jwèt Tablo Fèy Lotis 1 rive 5 oswa 1 rive 10



Pou lòt jwèt yo: Jwèt tablo 11 - 50 yo



2 krapo



Yon kapab fè zo pa w lè w  
make 1, 2, oswa 3 pwen sou yon kib



## VOKABILÈ

Pi pre

Pi lwen

Pi devan/Pi dèyè

## KESYON

Ki krapo ki pi pre basen an? Kiyès ki pi lwen?

Ki kantite anplis krapo w la bezwen pou rive nan basen an?

Ki nonb ou espere ou pral woule? Poukisa?

## KÒMAN POU JWE

1. Anvan ou jwe, kreye de ki gen sèlman 1 ak 2 pwen sou yo. Ou ka fè de sa yo lè ou desine pwen yo sou yon kib an bwa oswa sou yon moso papye pliye an fòm kib. Si pitit ou pare pou nonb ki pi wo, fè de yo ak 1, 2, epi 3 pwen.
2. Prepare tablo fèy lotis ou, 2 krapo ak de yo.
3. Mete chak pyon krapo sou foto krapo a anba nonb 1 (lakay).
4. Youn aprè lòt, timoun yo woule zo a a oswa zo yo epi yo sote pou pi devan otan de fwa.
5. Jwèt la kontinye jiskaske krapo timoun yo ateri sou (oswa depase) dènye nonb lan epi al naje nan basen an.
6. Aprè yo fin naje, timoun yo ka sote nèt ale pou yo tounen lakay yo.

*Varyasyon avanse:* Lè timoun yo pare, pwochen etap nan jwèt sa a se jwe avèk yon konpetans yo rele konte. Konte ede w konbine nonb yo byen vit. Pa egzanp, si ou gen 3 plis 5, olye w kòmanse nan 1 epi konte jiska 8, ou ka konte apati de 5, konte 6, 7, 8. Konte se yon konpetans enpòtan ke timoun yo pral itilize nan adisyon pita.

## KONSEY POU JWE

- Ou ka chanje tèm jwèt sa a nenpòt bagay ki enterese pitit ou. Li ka sote sou anprint dinozò, oswa sote sou flè ak yon papiyon oswa yon myèl, oswa nenpòt lòt sijè ki ka enterese pitit ou.
- Ou ka tou jwe jwèt sa a sou yon “chemen nonb” ke ou fè atè a oswa ke ou desine deyò ak kreyon. Timoun yo vin tounen krapo, kap sote ale!
- Si tout moun dakò, ou ka chanje règleman yo Pa egzanp, ou ka deside ke ou bezwen woule nonb egzak la pou naje nan basen an oswa nenpòt woulman ki mete ou sou oswa depase basen an.

- Jwe jwèt ak yon zanmi, oswa nan yon ti gwoup, ankouraje tou konpetans sosyal ak emosyonèl tankou gen pasyans, respekte tou paw, epi rezoud pwoblèm nan kolaborasyon. Jwèt ki gen yon eleman konpetisyon tou bay timoun yo opòtinite pou pratike genyen ak pèdi avèk koutwazi epi respè.
- Ou ka tou jwe jwèt sa a ak yon pake kat olye de yo Sèvi ak yon pake kat ki gen kantite ak chif ke pitit ou pare pou li. Lè sa a, chak moun ka tire kat anlè nan pake a pou wè jis ki kote chak krapo ka sote rive.

## KISA TIMOUN YO AP APRANN

- Lè timoun yo woule zo a epi yo rekonèt kantite pwen yo te woule san yo pa konte, yap pratike yon konpetans ki rele sibitzasyon. Sibitzasyon se kapasite pou rekonèt kantite yo byen vit. Timoun yo pratike sibitzasyon anpil nan jwèt sa a paske lè yo woule, yo vrèman vle konnen touswit ki nimewo yo jwenn pou yo ka deplase krapo yo.
- Jwèt sa a tou ede timoun yo konprann ke nonb yo gen menm espas youn ak lòt. Yon bagay ki trè enpòtan nan matematik nan premye ane yo se lide grandè ak konparezon nonb yo, konnen ke 2 se yon sote plis ke 1, menm jan ak 10 la se jis yon sote plis ke 9.
- Anpil timoun ka pokonb anpil eksperyans ak jwèt tablo yo. Ede yo konprann ke, lè yo woule yon 3, yo deplase 3 espas an avan. Asire w ke yo sote pi devan soti nan espas yo ye a, olye ke yo fè premye sote yo sou espas kote yo deja ye a.

## SIJÈ MATEMATIK

Nimewo: Konte ak Kadinalite

Nimewo: Operasyon

**Gade Videyo Jwèt**

Gade kòd QR ki nan aplikasyon kamera telefòn entèljan w la oubyen nan lektè kòd QR la pou w gade videyo ki montre koman pou jwe *Sote sou Fèy Lotis*.



Education  
Development  
Center

[www.ym.edc.org](http://www.ym.edc.org)

© EDC 2024

